

Rekonèt dwa ou genyen: Sekirite sosyal fè twòp peman

Kisa twòp peman ye? Si w resevwa benefis andikap nan men sekirite sosyal (Social Security Administration, SSA), ou gendwa pafwa resevwa yon lèt ki di ou te resevwa twòp peman - sa vle di ou resevwa plis lajan pase sa w te sipoze resevwa.

OU PA BEZWEN PANIKE. OU GEN CHWA E W GEN DWA.

Resevwa lèt sa a pa vle di ou fè yon move bagay. Twòp peman ka rive pou plizyè rezon, e si w resevwa yon lèt konsa sa pa vle di ou fè yon erè.

KISA POU W FÈ SI W RESEVWA YON LÈT SOU TWÒP PEMAN

- **Byen li lèt la** – SSA dwe eksplike rezon ki fè ou resevwa twòp peman, ki kantite twòp peman ou resevwa, e ki chwa ou genyen.
- **Aji san w pa mize** - Pa mete lèt la sou kote. Reponn osito ou kapab.
- **Ou gen dwa mande pou yo fè yon revizyon sitiyasyon an** - Si w kwè gen erè nan twòp peman an, ou ka mande SSA revwa desizyon an.
 - Sa rele yon "demann pou revizyon."
 - Ou gen 60 jou apre dat ou resevwa lèt la pou w fè demann sa a. L ap pi bon si w pa pèdi tan.
- **Ou ka mande pou yon egzansyon** - Si twòp peman an pa t fòt ou, oubyen si w pa gen lajan pou w ranbouse l, ou ka mande SSA pou l anile twòp peman ou dwe a.
 - Ou ka nenpòt lè mande pou yon egzansyon apre w resevwa lèt sa a.
 - Ou ka mande pou yon egzansyon menm lè ou mande pou revizyon an, oubyen apre revizyon an refize.
- **Ou ka tabli yon plan peman pou chak mwa** -
 - Si w gen pou w ranbouse lajan an, konnen ou pa p bezwen peye yon grenn lè.
 - Ou ka mande SSA pou w peye chak mwa sa k nan mezi pòch ou.



Rekonèt dwa ou genyen: Sekirite sosyal fè twòp peman

KÒMAN POU ANPECHE GEN TWÒP PEMAN

Fè rapò chak mwa bay SSA sou tout chanjman nan travay ou a oubyen revni. w Si w kòmanse travay yon lòt kote, pèy ou ogmante, travay diferan èdtan, oubyen gen kèlkeswa chanjman nan revni w, ou dwe kite biwo sekirite sosyal konn sa tousuit. Rapò chak mwa ede SSA kenbe benefis ou yo ajou. Ou ka fè rapò sou chanjman yo nan telefòn, anliy, nan app mobil SSA a, oubyen lè w ale an pèsòn nan biwo ki pre lakay ou a.

Kite SSA konnen ki tout chanjman ki gen lakay ou oubyen nan eta sivil ou. Ale viv nan yon nouvo kote, viv ak lòt moun, marye, oubyen chanjman nan fanmi w ka chanje ki benefis ou resevwa. Kenbe SSA ajou sou chanjman sa yo ka ede anpeche twòp peman e lòt pwoblèm nan benefis ou yo.

Sere tout lèt SSA voye ba ou e reponn tout demann pou enfòmasyon. Toujou li tout lèt delapa biwo sekirite sosyal osito ou resevwa yo. Lèt sa yo gendwa mande pou enfòmasyon oubyen y ap kite w konnen ki chanjman enpòtan ki genyen. Si SSA mande pou dokiman oubyen pou detay, ou dwe reponn osito l posib. Sere tout dokiman yo ede w pwoteje benefis ou resevwa yo.



SI W RESEVWA YON LÈT:

- **Ou pa bezwen panike** - Twòp peman ka rive tout moun. Ou gen dwa ak chwa pou w ranje pwoblèm lan.
- **Li lèt ou resevwa a** - Pran tan pou w byen li lèt la. Chèche jwenn rezon pou twòp peman an, montan an, e ki mezi pou w pran.
- **Konnen ki dwa ou gen e aji vit** - Ou gen dwa poze kesyon, mande pou yon revizyon, oubyen mande pou yon egzansyon. Aji vit ba w plis chwa e ka ede bese nivo strès ou.